

Legal Services of Greater Miami
3000 Biscayne Blvd., Suite 500
Miami, Florida 33137
Telefòn-n: 305-576-0080
TDD: 305-573-1578
Lendi rive Vandredi
8:30 A.M. -3:00 P.M.

South Dade Law Center
11285 SW 211 Street, Suite 302
Miami, Florida 33189
Telefòn-n: 305-232-9680
TDD: 786-242-0207
Lendi rive Vandredi
9:15 A.M.-11:30 A.M.
1:15 P.M.-4:00 P.M.

Monroe County
Telefòn-n: 877-715-7464
TDD: 877-715-7461

Legal Services
of Greater Miami, Inc.

Deklarasyon Vizyon Statement

Nou angaje nou avék pasyon a men-m Jistis pou tout Moun. A travé sipò agresif piblik defans nou pou klyan epi nouvo metòd ke nou genyen ak kolaboraté nou nan kominote a, nou ap fé anpil efò pou nou bay klyan nou yo fòs pou soulaje soufrans povrete yo.



www.lsgmi.org

Legal Services
of Greater Miami, Inc.

PROJÉ PLEDWARI EDIKASYON ESPESYAL

SÉVIS LEGAL GRATIS NAN PROBLÉM EDIKASYON ESPESYAL



*Sipòte finansyéman an pati pa:
The Florida Bar Foundation,
Shook, Hardy and Bacon, L.L.P. and
District 4 Commissioner Sally Heyman*

Ki sa Projé pledwari Edikasyon Espesyal?

Objektif li se pou asire li ke pitit ou a ap resevwa on edikasyon gratis aproprye ki repon-n a bezwen inik li.

Pou ede paran, Avoka Projé:

(1) ede paran jwen evalyasyon timoun yo; (2) reprezante paran nan jijman pou respé dwa li; epi (3) bay tout lòt sévis legal pou ou jwen plasman edikasyonél ke ou dezire a.

Kouman mwen ka konnen si pitit mwen ap resevwa on edikasyon aproprye?

- ◆ Éske pitit ou a gen problém pou li li?
- ◆ Éske pitit ou a gen problém pou li konsantre li o sinon lé ou mande li fé on bagay?
- ◆ Éske pitit ou a gen problém pou li konpran-n ki sa li wé epi sa li tande?
- ◆ Éske pitit ou pran nòtki ba nan lekòl li?
- ◆ Éske devwa lekòl pitit ou a trò fasil pou li?
- ◆ Éske pitit ou a samble ke lekòl

anwiye li?

Si ou repon-n "wi" a nimpòt nan kesyon sa yo, plasman aktyél timoun ou an ka pa repon-n a bezwen li.

Ki dwa ke mwen genyen?

- ◆ Ou gen dwa mande lekòl la pou li fé on tés pou pitit ou a gratis si ou panse ke pitit ou a bezwen sévis edikasyon espesyal, o sinon si sévis li ap resevwa a pap travay.
- ◆ Ou gen dwa mande lòt moun ke ou chwazi fé tés gratis pou timoun ou an, si ou santi ke rezilta lekòl la pa kòrék.
- ◆ Ou gen dwa resevwa fotokopi dosye lekòl pitit ou a.
- ◆ Ou gen dwa patisipe nan devlopman Plan Edikasyonél Endividyél pitit ou.
- ◆ Ou gen dwa pou ou pran on avoka ki pou ede ou o sinon defan-n ou si ou pa dakò avék program edkasyon ke yo bay pitit ou a.

Ki moun ki ka vin-n on klyan Projé Pledwari Edikasyon Espesyal la ?

- ◆ Si ou abite nan Miami Dade County, ou gen revni piti, epi pitit ou enskri nan "Miami Dade County Public School District," ou ka elijib pou ou vin on klyan nan Projé Pledwari Edikasyon Espesyal.

Kouman mwen ka vin-n on klyan?

- ◆ Rele biro nou nan 305-576-0080 pou plis enfòmasyon.

ki sa mwen pote nan entéviou mwen an?

- ◆ Si mwen genyen li la, on fotokopi Plan Edikasyonél Endividyél pitit mwen an.
- ◆ Si mwen genyen li la, on fotokopi youn nan evalyasyon rapò lekòl la ki pi resan.
- ◆ Si ou se on imigran, prév stati imigrasyon ou.